

**Boston Medical Center**  
**Règleman konsènan Èd Finansye.**

**Entwodiksyon**

Misyon Boston Medical Center ("Lopital" la oswa "BMC"), nan tèt ansanm avèk Sant Sante Kominotè lisansye li yo, se pou bay sèvis ki ekselan ak fasil pou jwenn toutan pou tout moun ki bezwen swen sante, kèlkeswa sitiyaasyon yo oswa mwayen yo pou peye. Vizyon li se pou satisfè bezwen sante moun Boston ak kominote toupre li yo. Pou fè sa, nou bay swen sante jeneral kalite siperyè pou tout moun, sitou pou satisfè bezwen popilasyon defavorize yo, nan sistèm livrezon jeneral nou, nan yon manyè ki responsab sou plan moral ak finansye.

Règleman sa a aplike pou Boston Medical Center ak sèten Sant Sante Kominotè ak pwofesyonèl swen sante jan sa idantifye nan règleman sa a.

Lopital la se pwofesyonèl swen sante dirèk k ap bay swen dirèk ki nesèsè pou rezon medikal pou *tout* moun ki prezan nan sant sante li yo ak nan lokal li yo kèlkeswa mwayen yo pou peye. Lopital la ofri swen sante sa a pou tout pasyan ki vini nan sant sante nou an 24 sou 24, sèt jou sou sèt, ak 365 jou nan yon ane. Kòm yon rezilta, Lopital la angaje pou bay tout pasyan nou yo swen sante ak sèvis kalite siperyè. Nan angajman sa a, Lopital la travay avèk moun ki pa touche ase revni epi ki pa gen anpil resous pou jwenn posiblite ki disponib pou peye frè swen sante yo.

Lopital la pral ede moun ki a gen asirans yo ak moun ki pa gen ase asirans pou yo aplike pou pwoteksyon swen sante nan yon pwogram èd piblik oswa nan pwogram èd finansye lopital la (tankou men pa sèlman MassHealth, pwogram peman pou bay èd nan frè pou peye pa mwa ki anba kontwòl Health Connector, the Children's Medical Security Program, the Health Safety Net, and Medical Hardship), epitou n ap travay avèk moun yo pou enskri yo jan sa apwopriye. Nou detèmine èd pou pwogram sa yo lè nou revize, pami lòt faktè yo, revni fanmi yon moun, byen fanmi yon moun, kantite moun ki nan fanmi an, depans yo, ak bezwen medikal yo.

Menmsi Lopital la ede pasyan yo jwenn pwoteksyon swen sante nan pwogram piblik yo ak èd finansye nan lòt sous yo kèlkeswa kote ki apwopriye tankou Lopital la, Lopital la ka gen egzijans tou pou voye bòdwo kòm sadwa pou peman epi pou touche peman, ki ka gen ladan men pa sèlman, kopeman, franchiz, depo ki anvigè, ak lòt kantite lajan pasyan an dakò pou li responsab pou peye. Lè pasyan yo ap anrejistre pou sèvis yo oswa si yo resevwa yon bòdwo, Lopital la ankouraje pasyan yo pou yo kontakte ekip nou an pou yo detèmine si yo ak/oswa yon manm fanmi yo bezwen èd finansye a oswa si yo kalifye pou sa.

Lè n ap travay avèk pasyan yo pou yo jwenn èd piblik oswa pwoteksyon nan èd finansye Lopital la, Lopital la pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote pasyan an soti, sitwayèn, sitiyaasyon etranje, relijyon, kwayans, sèks, preferans seksyèl, idantite seksyèl, laj, oswa andikap nan règleman li yo oswa nan aplikasyon règleman li yo, konsènan akizasyon ak verifikasyon enfòmasyon finansye, depi pou pre-admisyon oswa pou pre-tretman, plan peman, admisyon defere oswa rejte, detèminasyon ki endike yon moun kalifye kòm Pasyan ki pa Touche Ase Revni jan yo detèmine sa nan sistèm kalifikasyon Massachusetts MassHealth/Connector, oswa konfimasyon enfòmasyon yo pou detèmine si pasyan an pa Touche Ase Revni. Poutèt sa, Komite Finans Konsèy Administrasyon Lopital la te revize ak apwouve règleman sa a.

Menmsi nou rekonèt chak moun gen yon sitiyaasyon finansye inik, nou ka jwenn enfòmasyon ak èd konsènan kalifikasyon pou pwogram èd piblik ak/oswa pwoteksyon nan pwogram èd finansye Lopital

la depi nou kontakte Depatman Konsèy Finansye ki nan Menino oswa nan Shapiro Building, lendi jiska vandredi, ant 8am ak 5pm, pou pale avèk Konseye Aplikasyon Sètifye BMC.

Plis enfòmasyon sou règleman sa a ak sou pwogram èd finansye Lopital la, ansanm ak fòm aplikasyon ak yon rezime langaj òdinè règleman konsènan èd finansye a, disponib sou sitwèb Lopital la:

<https://www.bmc.org/services/patient-financial-assistance-program>

Yon kopi règleman konsènan èd finansye a disponib:

- (1) Nan nenpòt zòn anrejistreman pasyan andedan Lopital la;
- (2) Depi ou mande pou nou voye yon kopi ba moun nan pa lapòs. Ou ka fè demann sa a depi ou rele Depatman Konsèy Finansye nan nimewo 617-414-5155 oswa depi ou fè yon demann alekri nan adrès ki anba la a:  
Boston Medical Center  
Atansyon: Financial Counseling Office  
840 Harrison Ave  
Boston, MA 02115

Aksyon Lopital la ka fè sizoka nou pa resevwa peman dekri nan yon Faktirasyon apa ak Règleman Rekouvremant Lopital la. Manm piblik la ka jwenn yon kopi gratis règleman sou Faktirasyon yo ak Rekouvremant yo:

- (1) Nan nenpòt zòn anrejistreman pasyan andedan Lopital la
- (2) Depi ou telechaje règleman an sou sitwèb lopital la, <https://www.bmc.org/services/patient-financial-assistance-program>; oswa
- (3) Depi ou mande pou nou voye yon kopi ba moun nan pa lapòs. Ou ka fè demann sa a depi ou rele Depatman Konsèy Finansye nan nimewo 617-414-5155 oswa depi ou fè yon demann alekri nan adrès ki anba la a:  
Boston Medical Center  
Atansyon: Financial Counseling Office  
840 Harrison Ave  
Boston, MA 02115

## **I. Pwoteksyon pou Sèvis Swen Sante ki Nesesè pou Rezon Medikal**

Lopital la bay sèvis swen sante medikal ak konpòtmantal ki nesèsè pou tout pasyan ki prezan nan yon lokal Lopital la kèlkeswa mwayen pasyan yo pou peye. Sèvis ki nesèsè pou rezon medikal gen ladan sa ki nou espere ki rezonab pou evite maladi, dyagnostike maladi, evite agravyasyon maladi, soulaje maladi, korige oswa geri maladi ki menase lavi, lakòz soufrans oswa doulè, lakòz defòmasyon oswa move fonksyonman fizik, menase pou lakòz oswa pou agrave yon andikap, oswa lakòz maladi oswa enfimite. Sèvis ki nesèsè pou Rezon Medikal gen ladan sèvis pou pasyan ki entènè ak pasyan ki pa entènè jan sa otorize anba Tit XIX Lwa sou Sekirite Sosyal.

Pwofesyonèl medikal k ap bay tretman an ap detèmine kalite ak nivo swen sante ak tretman ki nesèsè pou chak pasyan dapre sentòm klinik pasyan an genyen epitou dapre prensip pratik ki anvigè yo. Lopital la swiv kondisyon Lwa sou Tretman Medikal pou Ijans ak Doulè Akouchman (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA). Pou fè sa, nou fè yon egzamen evalyasyon medikal pou pasyan ki vini nan yon lokal Lopital la pou chèche sèvis pou ijans pou detèmine si yo gen yon pwoblèm medikal pou ijans.

Klasman sèvis pou ijans ak sèvis ki pa pou ijans baze sou definisyon jeneral ki endike anba la yo ak sou detèminasyon medikal klinisyen k ap bay tretman an. Lopital la itilize definisyon sèvis Swen

Sante pou Ijans ak Swen Ijan ki endike anba la a pou nou detèmine pwoteksyon move dèt pou ijans ak move dèt ijan anba pwogram èd finansye Lopital la, tankou Health Safety Net.

### **A. Sèvis Swen Sante pou Ijans ak Sèvis Swen Sante Ijan**

N ap evalye nenpòt pasyan ki prezante nan yon lokal Lopital la pou mande èd pou Ijans dapre sentòm klinik pasyan an genyen san nou pa konsidere idantifikasyon pasyan a, pwoteksyon asirans li, oswa mwayen li pou peye. Lopital la p ap fè aksyon ki dekouraje moun k ap chèche swen medikal pou ijans, tankou pou egzije pasyan yo peye anvan yo resevwa tretman pou pwoblèm medikal pou ijans, oswa deranje evalyasyon an pou swen medikal pou ijans oswa bay swen medikal pou ijans lè nou diskite sou pwogram èd finansye Lopital la anvan oswa sou kalifikasyon pasyan an pou pwogram èd piblik.

#### **a. Sèvis Nivo Ijans yo gen ladan tretman pou:**

- i. Yon pwoblèm medikal, kit li fizik oswa mantal, ki manifeste poukont li avèk sentòm ki grav ase, tankou doulè grav, nan *yon pwèn ki montre si pasyan an pa jwenn swen medikal rapid, yon moun pwofàn ki posede yon konesans nòmal sou sante ak lamedsin kapab espere yon fason rezonab sa kapab mete sante moun nan oswa sante yon lòt moun na danje grav, twoub grav pou fonksyon kò, oswa disfonksyon grav nenpòt ògàn oswa pati kò a, oswa*, anrapò avèk yon fanm ansent, jan sa defini pidevan nan 42 U.S.C. § 1395dd(e)(1)(B).
- ii. Dapre egzijans federal yo, EMTALA aplike pou nenpòt moun ki prezante nan yon pwopriyete lopital la pou made egzamen oswa tretman yon ijans (jan sa defini anwo a) oswa ki antre nan depatman ijans lan pou mande egzamen oswa tretman pou yon pwoblèm medikal. Pi souvan, moun ki pa gen randevou prezante poukont yo nan depatman ijans lan. Men, moun ki pa gen randevou ki mande sèvis pou yon pwoblèm medikal pou ijans pandan yo prezante nan yon lòt inite pasyan ki entènè/pasyan ki pa entènè, klinik, oswa lòt zòn oksilyè ap resevwa yon evalyasyon tou pou sa epi pètèt n ap transfere yo nan yon kote ki pi apwopriye pou yon egzamen depistaj medikal pou ijans dapre EMTALA. N ap bay egzamen ak tretman pou pwoblèm medikal pou ijans yo, oswa nenpòt lòt sèvis nou bay nan limit ki obligatwa dapre EMTALA, pou pasyan an egzamen an ak tretman an ap kalifye kòm swen ki nan nivo ijans. Nou fè detèminasyon ki endike gen yon pwoblèm medikal pou ijans lè klinisyen k ap fè tretman an oswa lòt pèsònèl medikal kalifye lopital la jan sa note nan dosye medikal lopital la.

#### **b. Sèvis Swen Ijan gen ladan tretman pou sa ki endike anba la yo:**

- i. Sèvis ki nesèsè pou rezon medikal nou bay nan yon Lopital ki Bay Swen pou Tan Kout apre deklanchman yon pwoblèm medikal toudenkou, kit li fizik kit li mantal, ki manifeste poukont li avèk sentòm ki pa dire lontan epi ki grav ase (tankou doulè grav) sa fè *yon moun pwofàn pridan ta kwè absans atansyon medikal nan 24 èdtan kapab espere lakòz yon fason rezonab mete sante yon pasyan an danje, twoub nan fonksyon kò, oswa disfonksyon nenpòt ògàn oswa pati kò a*. Nou bay Sèvis Swen Ijan pou pwoblèm medikal ki pa menase lavi pasyan yo epi ki pa reprezante yon gwo risk pou domaj grav nan sante yon moun. Sèvis Swen Ijan pa gen Swen Sante Prensipal oswa Swen Sante ki pa Obligatwa ladan,

### **B. Sèvis ki Pa Twò Ijan, ki Pa Ijan:**

Pou pasyan (1) klinisyen k ap bay tretman an detèmine nivo swen sant a Pa Twò Ijan oswa Pa Ijan oswa (2) k ap chèche swen sante ak tretman apre estabilizasyon yon pwoblèm medikal pou ijans, Lopital la ka detèmine swen sante a kalifye kòm sèvis ki prensipal oswa ki pa obligatwa.

- a. Sèvis Prensipal oswa Sèvis ki Pa Obligatwa yo gen ladan swen medikal ki pa yon Nivo Swen Ijan ni yon Nivo Swen pou Ijans epi moun yo oswa fanmi yo bezwen sèvis sa yo pou antretyen sante ak prevansyon maladi. Anjeneral, sèvis sa yo se pwosedi sante medikal oswa pwosedi sante konpòtmantal/vizit pasyan an oswa pwofesyonèl swen sante a pwograme davans oswa nan menm jou a nan lokal yon lopital tankou men pa sèlman nan kanpis prensipal la, yon kote oswa lokal ki lwen, ak klinik doktè afilye, klinik, oswa sant sante kominotè. Swen Sante Prensipal gen ladan sèvis swen sante pratisyen jeneral, pratisyen fanmi, entènès jeneral, pedyat jeneral ak pratisyen enfimiyè swen sante prensipal oswa asistan doktè bay anjeneral nan yon Sèvis Swen Sante Prensipal. Swen Sante Prensipal pa bezwen resous espesyalize yon depatman ijans Lopital ki Bay Swen Sante pou Tan Kout, epi li eskli Sèvis Oksilyè ak sèvis sante nan matènite.
- b. Sèvis swen sante ki Pa Twò Ijan oswa ki pa ijan (sètadi swen sante prensipal oswa swen sante ki pa obligatwa) ka retade oswa defere dapre konsiltasyon avèk ekip klinik Lopital la, ak pwofesyonèl swen sante prensipal pasyan an oswa pwofesyonèl swen sante k ap trete li si li disponib ak jan sa apwopriye. Answit Lopital la ka refize bay yon pasyan sèvis ki Pa Twò Ijan, ki pa ijan si pasyan an estab sou plan medikal epi si Lopital la pa kapab jwenn enfòmasyon sou sous peman nan men pasyan an oswa nan lòt sous peman apwopriye oswa enfòmasyon pou yon asirans sante piblik oswa prive pou peye frè swen ki Pa Twò Ijan ak swen ki pa ijan. Nou detèmine ak prezante pwoteksyon pou sèvis swen sante, tankou sante medikal ak sante konpòtmantal nan manyèl nesosite ak pwoteksyon medikal konpayi asirans sante piblik ak prive. Menmsi Lopital la ap fè efò pou detèmine pwoteksyon an dapre pwoteksyon asirans pasyan an nou konnen epi ki disponib, lopital la ka bay pasyan an bòdwo si sèvis yo pa yon sèvis ki ranbousab epitou si pasyan an dakò pou peye bòdwo a.
- c. Pwoteksyon nan pwogram èd finansye piblik, prive oswa ki baze nan lopital la ka pa aplike pou sèten pwosedi prensipal oswa ki pa obligatwa epi ki pa ranbousab avèk chwa pwoteksyon sa yo. Si pasyan an pa sèten si yon sèvis pa garanti, pasyan an ta dwe kontakte ekip Lopital la nan Depatman Konsèy Finansye, ki nan Menino and Shapiro Buildings, lendi jiska vandredi, ant 8am ak 5pm, pou detèmine ki chwa pwoteksyon ki disponib.

### **C. Lokal Lopital la ki bay sèvis ki nesèsè pou rezon medikal epi ki konsène nan Règleman sou Èd Finansye:**

Règleman sou Èd Finansye Lopital la kouvri Lopital la ak sèten Sant Sante Kominotè ki adopte Règleman sou Èd Finansye Lopital la. Sa ki anba la a se yon lis lokal ki swiv Règleman sou Èd Finansye Lopital la:

Boston Medical Center, One Boston Medical Center Place, Boston, MA 02118  
 Codman Square Health Center, 637 Washington Street, Boston, MA 02124  
 East Boston Neighborhood Health Center, 10 Grove Street, Boston, MA 02128  
 DotHouse Health, 1353 Dorchester Avenue, Boston, MA 02122  
 Greater Roslindale Medical & Dental Center, 4199 Washington Street, Roslindale, MA 02131  
 South Boston Community Health Center, 409 West Broadway, South Boston, MA 02127

Answit, Règleman sou Èd Finansye Lopital la kouvri Swen Sante ki Ijan Anpil, Ijan ak Prensipal nou bay avèk pwofesyonèl swen sante ki endike nan Dokiman Siplemanchè A ki andedan lokal Lopital la ki endike anwo a.

## II. Pwogram Èd Piblik ak Èd Finansye Lopital la

### A. Rezime Jeneral Pwoteksyon Lopital la ak Pwogram Èd Finansye yo

Pasyan Lopital la ka kalifye pou gratis oswa pou frè redui sèvis swen sante avèk anpil kalite èd piblik leta ak pwogram èd finansye Lopital la (tankou men pa sèlman, MassHealth, pwogram peman èd pou peye frè yo ki anba kontwòl Health Connector, Children's Medical Security Program, the Health Safety Net, ak Medical Hardship). Pwogram sa yo la pou ede pasyan ki pa touche ase revni lè nou konsidere mwayen chak moun pou yo kotize nan frè pou swen sante yo. Pou moun ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans, lè yo fè demann lan, Lopital la ap ede yo aplike pou nenpòt pwoteksyon nan pwogram èd piblik oswa pwogram èd finansye Lopital la ki ka garanti tout oswa kèk bòdwo lopital la yo ki pa peye.

### B. Pwogram Èd Piblik Leta

Lopital la disponib pou ede pasyan yo enskri nan pwogram pwoteksyon sante leta. Pwogram sa yo gen ladan MassHealth, pwogram peman èd pou peye frè yo ki anba kontwòl Health Connector leta, ak Children's Medical Security Plan. Pou pwogram sa yo, aplikan yo kapab soumèt yon aplikasyon sou yon sitwèb (ki nan yon pozisyon santral sou Sitwèb Health Connector leta), yon aplikasyon sou papye, oswa nan telefòn avèk yon reprezantan sèvis kliyantèl ki nan swa MassHealth oswa Connector. Moun yo ka mande èd la tou devan konseye finansye Lopital la (ki rele konseye aplikasyon sètifye tou) depi yo soumèt aplikasyon an swa sou sitwèb la oswa nan yon aplikasyon sou entènèt oswa sou papye.

### C. Èd Finansye Lopital la

Lopital la bay èd finansye tou pou pasyan ki gen revni yo ki montre yo pa gen mwayen pou peye pou tout oswa yon pou yon pòsyon sèvis yo resevwa yo. Pasyan k ap viv nan Massachusetts epi/oswa ki nan zòn sèvis lopital la ka gen obligasyon pou ranpli aplikasyon eta yo pou pwoteksyon Medicaid oswa pou asirans sante ki gen sibvansyon anvan yo chèche pwoteksyon nan chwa èd finansye Lopital la poukont yo. Pasyan admisib yo kalifye pou Règleman Èd Finansye Lopital la dapre kritè ki endike anba la yo:

#### *C.1 Èd Finansye Lopital la avèk Health Safety Net*

Avèk patisipasyon li nan Massachusetts Health Safety Net, Lopital la bay èd finansye pou pasyan ki pa touche ase revni, ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans, k ap viv nan Massachusetts, epitou ki satisfè kalifikasyon dapre revni. Yo te kreye Health Safety Net pou distribye yon fason ki pi ekitab frè pou bay swen sante ki pa konpanse pou pasyan ki pa touche ase revni, ki pa gen asirans, epi ki pa gen ase asirans nan swen sante gratis oswa avèk rabè nan Lopital ki bay swen sante pou tan kout nan Massachusetts. The Health Safety Net ki konsantre nan bay swen sante ki pa konpanse fèt avèk yon evalyasyon sou chak mwayen lopital pou peye frè swen sante pou pasyan ki pa gen asirans ak pasyan ki pa gen ase asirans epi ki gen revni ki anba 300% nivo federal povrete. Se règleman Lopital la pou tout pasyan ki resevwa èd finansye anba règleman èd finansye lopital la gen ladan sèvis Health Safety Net nan swen ki pa konpanse nou bay pou pasyan ki pa touche ase revni yo.

Avèk patisipasyon li nan Health Safety Net, pasyan ki pa touche ase revni k ap resevwa sèvis nan Lopital la ka kalifye pou èd finansye, tankou swen sante gratis oswa swen sante k gratis an pati pou sèvis kalifye Health Safety Net jan sa defini nan 101 CMR 613:00.

#### *(a) Health Safety Net - Primè*

Si yon pasyan pa gen asirans k ap viv nan Massachusetts epi li gen Revni Fanmi Brit Ajiste Modifye pou MassHealth oswa revni Fanmi dapre Medical Hardship, jan sa dekri nan 101 CMR 613.04(1), ant 0 ak 300% Nivo Federal Povrete, nou ka detèmine pasyan an kalifye pou Sèvis Admisib Health Safety Net.

Peryòd kalifikasyon an ak kalite sèvis pou *Health Safety Net - Primè* sèlman pou pasyan ki kalifye pou enskri nan Pwogram Peman Èd pou Peye Frè yo ki anba kontwòl Health Connector jan sa dekri nan 101 CMR 613.04(5)(a) ak (b). Pasyan ki depannde kondisyon Pwogram Sante Etidyan M.G.L. c. 15A, § 18 pa kalifye pou *Health Safety Net – Primè*.

(b) *Health Safety Net - Segondè*

Si yon pasyan ap viv nan Massachusetts epi li gen asirans sante prensipal ak Revni Fanmi Brit Ajiste Modifye pou MassHealth oswa revni kontab Fanmi an dapre Medical Hardship, jan sa dekri nan 101 CMR 613.04(1), ant 0 ak 300% Nivo Federal Povrete, nou ka detèmine pasyan an kalifye pou Sèvis Admisib Health Safety Net. Peryòd kalifikasyon an ak kalite sèvis pou *Health Safety Net - Segondè* sèlman pou pasyan ki kalifye pou enskri nan Pwogram Peman Èd pou Peye Frè yo ki anba kontwòl Health Connector jan sa dekri nan 101 CMR 613.04(5)(a) ak (b).

(c) *Health Safety Net - Franchiz Pasyèl*

Pasyan ki kalifye pou *Health Safety Net - Primè* oswa pou *Health Safety Net - Segondè* ki en revni Fanmi dapre Revni Ajiste Modifye dapre MassHealth oswa Revni Kontab Fanmi an dapre Medical Hardship ant 150.1% ak 300% Nivo Federal Povrete, ka gen pou peye yon franchiz anyèl si tout manm Gwoup Fanmi Faktirasyon frè yo gen yon revni ki depase 150.1% Nivo Federal Povrete. Gwoup sa a defini nan 130 CMR 501.0001.

Si nenpòt manm Gwoup Fanmi Faktirasyon Frè yo gen yon Nivo Federal Povrete ki anba 150.1% pa gen franchiz pou okenn manm Gwoup Fanmi Faktirasyon Frè yo. Franchiz anyèl la egal ak pi gwo pase:

1. pi piti Pwogram Peman Èd Frè yo ki Anba Kontwòl frè Health Connector, ki ajiste pou kantite moun k nan Gwoup Fanmi Faktirasyon Frè an pwopòsyon avèk estanda revni Nivo Federal Povrete, apati kòmansman ane almanak la; oswa
2. 40% diferans ant pi piti revni Fanmi dapre Revni Brit Ajiste ki Modifye dapre MassHealth oswa Revni Kontab Fanmi an dapre Medical Hardship, jan sa dekri nan 101 CMR 613.04(1), nan Gwoup Fanmi Faktirasyon Frè aplikan an ak 200% Nivo Federal Povrete.

(d) *Health Safety Net - Medical Hardship*

Yon moun k ap viv nan Massachusetts ki gen nenpòt revni ka kalifye pou *Medical Hardship* avèk Health Safety Net si depans medikal akseptab yo diminye revni kontab li tèlman sa fè li pa kapab peye pou sèvis sante yo. Pou kalifye pou *Medical Hardship*, depans medikal akseptab aplikan an dwe depase yon sèten pousantaj Revni Kontab aplikan an ki defini nan 101 CMR 613 jan sa endike anba la a:

Nivo Revni	Pousantaj Revni Kontab
0 - 205% Nivo Federal Povrete	10%
205.1 - 305% Nivo Federal Povrete	15%
305.1 - 405% Nivo Federal Povrete	20%
405.1 - 605% Nivo Federal Povrete	30%
>605.1% Nivo Federal Povrete	40%

Kotizasyon obligatwa aplikan an kalkile kòm pousantaj ki endike nan Revni Kontab la nan 101 CMR 613.05(1)(b) ki baze sou Nivo Federal Povrete Fanmi *Medical Hardship* miltipliye pa vrè Revni Kontab mwens bòdwo ki pa admisib pou peman Health Safety Net, aplikan an ap rete responsab pou peye. Lòt kondisyon pou *Medical Hardship* endike nan 101 CMR 613.05.

**C2. Swen pou Charite nou Bay pou Moun ki Kalifye dapre HSN**

Moun ki satisfè kondisyon kalifikasyon pou yo kalifye pou èd finansye anba yon pwogram Health Safety Net endike nan I.C1 règleman ka gen bòdwo ki egziste pou sèvis yo resevwa anvan 10 jou ki vini anvan aplikasyon an pou pwoteksyon Health Safety Net. Anba règleman Health Safety Net, sèten sèvis prensipal oswa sèvis ki pa obligatwa pa kalifye pou pwoteksyon anba Health Safety Net anvan peryòd 10 jou epi moun nan rete responsab pou peye kantite lajan bòdwo a. Nan moman nou detèmine kalifikasyon pou Health Safety Net, BMC ap prevwa 100% pwoteksyon swen sante pou charite pou bòdwo sa yo pou sèvis nou bay anvan peryòd 10 jou a epi nou p ap fè efò pou touche lajan bòdwo sa yo.

#### **D. Limit sou Frè yo**

Lopital la p ap mande peman kont okenn moun ki kalifye pou èd la anba règleman sou èd finansye li pou swen sante ki pou ijans ak swen sante ki nesèsè pou ijans ki pi plis pase "kantite lajan nou reklame nan bòdwo anjeneral" pou moun ki gen asirans pou swen sante a. Pou rezon sa a, nou detèmine "kantite lajan nou reklame nan bòdwo anjeneral" avèk tarif ranbousman Medicare.

Lopital la p ap mande okenn moun ki kalifye pou èd la anba règleman sou èd finansye li pou peye pou tout swen sante a yon kantite lajan ki pi piti pase frè brit pou swen sante a.

#### **E. Avi ak Aplikasyon pou Pwogram Èd Finansye Lopital la ak Pwogram Èd Piblik**

##### ***E.1 Avi pou Chwa Èd Finansye Lopital la ak Chwa Èd Piblik ki Disponib***

Pou moun ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans, Lopital la ap travay avèk pasyan yo pou ede yo aplike pou pwogram èd piblik ak/oswa pwogram èd finansye Lopital la ki ka peye kèk oswa tout bòdwo Lopital la ki pa peye. Pou nou kapab ede moun ki pa gen asirans yo ak moun ki pa gen ase asirans yo jwenn chwa ki disponib ak apwopriye, Lopital la ap bay tout moun yon avi jeneral sou disponiblite pwogram èd piblik ak pwogram èd finansye pandan premye anrejistreman pasyan an anpèsòn nan yon lokal Lopital la pou yon sèvis, nan tout bòdwo faktirasyon an nou voye ba yon pasyan oswa garan, epi lè pwofesyonèl swen sante a resevwa avi oswa avèk dilijans pa li pou li vin konnen yon chanjman nan sitiyasyon kalifikasyon pasyan an pou pwoteksyon asirans piblik oswa prive.

Answit, Lopital la ap afiche avi jeneral yo nan zòn livrezon sèvis la kote gen yon anrejistreman oswa zòn pou anrejistre (tankou men pa sèlman, depatman pasyan ki entène, depatman pasyan ki pa entène, depatman ijans, ak lokal Sant Sante Kominotè afilye yo) nan biwo Konseye Aplikasyon Sètifye yo, epi nan zòn biwo biznis jeneral Pasyan yo itilize nòmalmman (pa egzanp, zòn admisyon ak zòn anrejistreman an, oswa biwo sèvis finansye pasyan yo ki louvri toutan pou piblik la). Avi jeneral la ap fè pasyan an konnen disponiblite èd piblik ak èd finansye Lopital la (tankou MassHealth, pwogram peman èd pou peye frè ki anba kontwòl Health Connector, the Children's Medical Security Program, Health Safety Net and Medical Hardship) ak lokal (yo) ki nan Lopital la ak/oswa nimewo telefòn pou rele pou pran yon randevou avèk yon Konseye Aplikasyon Sètifye. Objektif avi sa yo se pou ede moun yo aplike pou pwoteksyon an nan youn oswa plis pwogram sa yo.

##### ***E.2. Aplikasyon pou Pwogram Èd Finansye Lopital la ak Pwogram Èd Piblik***

Lopital la disponib pou ede pasyan yo enskri nan yon pwogram èd piblik. Pwogram sa yo gen ladan MassHealth, pwogram peman èd pou peye frè yo ki anba kontwòl Health Connector leta, ak Children's Medical Security Plan. Dapre enfòmasyon pasyan an bay, Lopital la ap idantifye chwa pwoteksyon ki disponib tou avèk pwogram èd finansye li, tankou pwogram Health Safety Net and Medical Hardship.

Pou pwogram ki pa Medical Hardship, aplikan yo kapab soumèt yon aplikasyon sou entènèt (ki nan yon pozisyon santral sou Sitwèb Health Connector leta), yon aplikasyon sou papye, oswa yo kapab

aplike nan telefòn depi yo pale avèk yon reprezantan sèvis kliyantèl ki nan swa MassHealth oswa Connector. Moun yo ka mande èd la tou devan Konseye Aplikasyon Sètifye Lopital la pou yo jwenn èd depi yo soumèt aplikasyon an swa sou entènèt oswa sou papye.

Pou Medical Hardship, Lopital la ap travay avèk pasyan an pou detèmine si yon pwogram tankou Medical Hardship ta apwopriye epitou Lopital la ap soumèt yon aplikasyon pou Medical Hardship ba Health Safety Net. Se obligasyon pasyan an pou bay tout enfòmasyon ki nesèsè jan Lopital la mande yo nan yon dèl apwopriye pou asire lopital la kapab soumèt yon aplikasyon ki ranpli. Si pasyan an pa kapab bay tout enfòmasyon yo nan mannyè apwopriye, Lopital la ap fè efò pou soumèt total la ak aplikasyon ki ranpli a nan senk (5) jou ouvrab apre nou resevwa tout enfòmasyon ki nesèsè yo ak enfòmasyon nou mande yo. Si lopital la pa soumèt total la ak aplikasyon ki ranpli a nan senk jou ouvrab apre nou resevwa tout enfòmasyon ki nesèsè yo, nou pa ka fè aksyon rekouvremant kont pasyan an anrapò avèk bòdwo ki kalifye pou Medical Hardship.

Lopital la ka ede pasyan an enskri tou nan Health Safety Net avèk yon pwosesis detèminasyon sipoze, ki bay yon peryòd kalifikasyon limite. Pwosesis sa a fèt avèk ekip Lopital la ak Sant Sante Kominotè yo, ki, sou baz oto-konfimasyon enfòmasyon finansye yo jwenn nan men pasyan an, ap detèmine yon pasyan satisfè definisyon pasyan ki pa touche ase revni epi y ap bay pasyan an pwoteksyon ki garanti pou sèvis Health Safety Net sèlman. Pwoteksyon an ap kòmanse nan dat pwofesyonèl swen sante a fè detèminasyon an epi n ap aplike li nan fen mwa apre a lè yo fè detèminasyon sipoze a. Men, pwoteksyon an ka sispann pi bonè si pasyan an soumèt yon aplikasyon ki ranpli jan sa dekri anwo a.

### ***E.3 Wòl Konseye Finansye Lopital la***

Lopital la ap ede moun ki pa gen asirans yo ak moun ki pa gen ase asirans yo aplike pou pwoteksyon sante nan yon pwogram èd piblik (tankou men pa sèlman MassHealth, pwogram peman èd pou frè yo ki anba kontwòl Health Connector, ak Children's Medical Security Program), epi l ap travay avèk moun yo pou enskri yo jan sa apwopriye. Lopital la ap ede pasyan ki vle aplike pou èd finansye nan Lopital la tou, ki gen ladan pwoteksyon avèk Health Safety Net ak Medical Hardship.

Lopital la ap:

- a) Bay enfòmasyon sou tout kalite pwogram yo, tankou MassHealth, pwogram peman èd pou frè yo, ki anba kontwòl Health Connector, the Children's Medical Security Program, Health Safety Net, ak Medical Hardship;
- b) Ede moun yo ranpli yon nouvo aplikasyon pou pwoteksyon an oswa soumèt yon renouvèlman pou pwoteksyon ki la deja;
- c) Travay avèk moun nan pou jwenn tout dokiman ki obligatwa yo;
- d) Soumèt aplikasyon oswa renouvèlman yo (ansanm avèk tout dokiman obligatwa yo);
- e) Kominike, lè li nesèsè epi jan nou aksepte sa anba dènye limit sistèm nan, avèk Pwogram yo sou sitiyasyon aplikasyon yo ak renouvèlman yo;
- f) Ede fasilite enskripsyon aplikan yo oswa benefisyè yo nan Pwogram Asirans yo; epi
- g) Ofri ak bay èd pou enskripsyon elektè.

Lopital ap fè pasyan yo konnen obligasyon yo pou yo bay Lopital la ak ajans leta ki aplikab enfòmasyon ki egzat ak apwopriye konsènan prenon ak non fanmi pasyan an, adrès yo, nimewo telefòn yo, dat nesans yo, nimewo sekirite sosyal yo (si yo genyen), dènye chwa pwoteksyon asirans yo (tankou, veyikil-a-motè, ak lòt asirans responsablite) ki kapab garanti frè swen sante yo resevwa a, nenpòt lòt resous finansye ki aplikab, ak enfòmasyon sou sitwayènte ak rezidans yo. Y ap soumèt enfòmasyon sa yo ba leta pandan aplikasyon pou èd nan pwogram piblik pou detèmine pwoteksyon pou sèvis yo bay pou moun nan.



Si moun nan oswa garan an pa kapab bay enfòmasyon ki nesèsè yo, Lopital la ka (sou demann pasyan an) fè efò rezonab pou jwenn nenpòt lòt enfòmasyon nan lòt sous yo. Efò sa yo gen ladan tou travay avèk pasyan an, lè moun nan mande sa, pou detèmine si nou ta dwe voye yon bòdwo pou sèvis yo ba pasyan an pou ede li peye franchiz yon sèl fwa a. Sa ap fèt lè pasyan an pwograme sèvis lopital li yo, pandan pre-anrejistreman an, menmsi pasyan an jwenn admisyon li nan Lopital la, lè li egzeye, oswa pou yon kantite tan rezonab apre egzeye li nan Lopital la. N ap konsève enfòmasyon Konseye Aplikasyon Sètifye a jwenn dapre lwa federal ak lwa leta sou enfòmasyon prive ak sekirite.

Lopital la ap fè pasyan an konnen pandan pwosesis aplikasyon an tou responsablite pasyan an genyen pou rapòte ba Lopital la ak ajans leta ki bay pwoteksyon sèvis swen sante a nenpòt asirans endepandan k ka responsab pou peye reklamasyon yo, tankou kontra asirans kay, oto oswa lòt asirans responsablite. Si pasyan an te soumèt yon reklamasyon endepandan oswa si li te depoze yon pwosè kont yon asirans endepandan, Konseye Aplikasyon Sètifye a ap fè pasyan an konnen obligasyon li pou fè pwofesyonèl swen sante a ak pwogram leta a konnen sa nan 10 jou apre aksyon yo. N ap fè pasyan an konnen tou li dwe remèt ajans leta apwopriye a kantite lajan swen sante ki garanti avèk pwogram leta si gen yon rekouvremant sou reklamasyon an, oswa afekte dwa yo ba leta pou pèmèt li touche kantite lajan li ki aplikab.

Lè moun nan kontakte Lopital la, Lopital la ap fè efò pou idantifye si moun nan kalifye pou yon pwogram èd piblik oswa nan pwogram èd finansye Lopital la. Yon moun ki enskri nan yon pwogram èd piblik ka kalifye pou sèten avantaj. Moun nan ka kalifye tou pou èd siplemantè avèk pwogram èd finansye Lopital la ki baze sou revni moun nan ki endike nan dokiman epitou ki baze sou depans medikal akseptab yo.